

**AVI SA A DEKRI KI JAN YO KAPAB ITILIZE, DIVILGE AK AKSEDE
ENFÒMASYON SANTE OU YO. TANPRI EGZAMINE L AK ANPIL
ATANSYON.**
Angajman pou sa ki konsène konfidansyalite

VNS Health angaje l pou l pwoteje lavi prive ak konfidansyalite enfòmasyon sante pwoteje w yo (PHI). Jan Lwa sou Transparans ak Responsablite nan Kad Asirans Sante (HIPAA) 1996 la egzije sa, N ap itilize oswa divilge PHI ou sèlman jan sa dekri nan Avi sa a. Nou kenbe mezi administratif, teknik, ak fizik ki fèt pou pwoteje konfidansyalite, entegrite, ak sekirite PHI ou, an konfòmite ak lwa federal ki aplikab ak lwa Eta New York.

Ki moun ki suiv avi sa a?

Founisè swen sante ak plan sante ki nan lis anba a suiv avi sila a:

VNS Health Behavioral Health, Inc. (d/b/a VNS Health Behavioral Health)	Visiting Nurse Service of New York Hospice Care (d/b/a VNS Health Hospice Care)
VNS CHOICE (d/b/a VNS Health Health Plans)	New Partners, Inc. (d/b/a VNS Health Personal Care)
Visiting Nurse Service of New York Home Care II (d/b/a VNS Health Home Care)	Medical Care at Home, P.C.

Chak founisè swen sante ak chak plan sante ki nan lis pi wo a patisipe nan Aranjman Swen Sante Òganize VNS Health (VNS Health OHCA, Nou, oswa Nou menm) la. VNS Health OHCA te fòme nan objektif prensipal pou amelyore kalite swen nou yo. Nan sans sa, manm OHCA yo (ki gen ladan pèsonèl yo, asosye komèsyal yo ak kèk soutretan sèvis ki lye ak Twoub Itilizasyon Sibstans (SUD)) dwe suiv Avi sa a. Nou kapab itilize oswa divilge PHI ou sèlman jan sa dekri nan Avi sa a, sof si ou ba nou otorizasyon ekri pou nou fè lòt bagay, nan adrès ki pi ba a.

Manm VNS Health OHCA ka itilize epi pataje PHI ou a tou ant yo pou jere aktivite operasyon ki komen yo, sa ki gen ladan tretman, pèman, ak operasyon swen sante. Tanpri note avi sa a pa chanje estati jiridik oswa kòporatif endepandan okenn Manm VNS Health OHCA, ni tou li pa rann okenn manm OHCA responsab nan yon fason kolektif pou neglijan, erè, oswa vyolasyon nenpòt nan lòt Manm OHCA yo.

Kijan Nou Itilize epi Divilge PHI ou

1. Itilizasyon ak Divilgasyon pou Tretman, Pèman ak Aktivite pou Swen Sante. Nou ka itilize epi divilge PHI ou yo pou ba w swen oswa tretman, jwenn pèman, epi reyalize aktivite swen sante nou yo:

- a. Tretman ak Jesyon Swen.** Nou ka itilize epi divilge PHI ou yo pou fasilite distribisyon, kowòdinasyon ansanm avèk lòt founisè, oswa jesyon sèvis, swen ak tretman n ap ofri ou yo. Egzanp, (1) klinisyen VNS Health ou a ka diskite sou eta sante w ak doktè w la pou planifye sèvis klinik w ap resevwa lakay ou yo; oswa (2) Nou ka kite PHI lakay ou

tou nan lide pou nou bay lòt moun k ap ba w swen yo enfòmasyon ki nesèsè sou sante w.

- b. **Pèman.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou rezon pèman epi pou ede nan aktivite pèman lòt founisè swen sante yo. Aktivite pèman nou yo gen ladan yo, san se pa sa yo sèlman, detèmine elijibilite w pou avantaj yo epi jwenn pèman nan men konpayi asirans ki ka responsab pou ba w kouvèti, sa ki gen ladan antite Federal ak Etatik yo.
- c. **Aktivite pou Swen Sante.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou sipòte fonksyon nou yo, ki gen ladan yo, san se pa sa yo sèlman, jesyon swen, aktivite amelyorasyon kalite, evalyasyon pèfòmans nou yo ak rezoud nenpòt plent oswa doleyans ou ka genyen. Nou ka itilize epi divilge PHI ou tou pou ede lòt sèvis oswa founisè swen fè operasyon swen sante oswa sèvis SUD.

2. **Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon ki Otorize.** Nou kapab itilize epi divilge PHI ou yo tou pou rezon sa yo:

- a. **Jan Lalwa Egzije sa.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou yo jan kèlkeswa lwa etatik, federal ak lokal ki aplikab la egzije sa.
- b. **Sante oswa Sekirite Piblik.** Nou ka divilge PHI bay otorite piblik yo oswa lòt òganizasyon k ap reyalize aktivite sante piblik, tankou deklarasyon nesans, blesi, andikap, ak lanmò. Nou ka divilge PHI ou yo bay ajans piblik ki apwopriye yo oswa (nan kèk ka ki limite) bay kèk òganizasyon prive nan kad sekou nan yon sitiyasyon katastwòf, yon fason pou reponn ak menas biyo-teworis yo oswa lòt menas sante piblik oubyen sekirite ki sanble ak sa, ki gen ladan men ki pa limite ak anpeche oswa kontwole maladi enfeksyon lakoz yo oubyen rezoud pwoblèm ki gen rapò ak pwodwi Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman an kontwole yo oswa pou anpeche yon menas grav pou sante oswa sekirite.
- c. **Pwoteje Viktim Abi, Neglijans oswa Vyolans Domestik.** Nou ka divilge PHI ou yo bay yon ajans gouvènmantral ki apwopriye si nou kwè ou se yon viktim abi, neglijans, vyolans domestik, ak si ou dakò pou nou divilge enfòmasyon yo oubyen si lalwa egzije oswa otorize divilgasyon an. N ap fè w konnen si toutfwaw Nou ta divilge PHI ou yo pou rezon sila a, eksepte si nou kwè enfòmasyon ou menm oswa moun k ap ba w swen an, kapab lakòz risk pou ou menm oubyen yon lòt moun sibi yon domaj ki grav.
- d. **Aktivite Siveyans Sante.** Nou ka divilge PHI ou yo bay ajans siveyans sante federal oswa nasyonal yo pou aktivite lalwa otorize tankou odi, ankèt, enspeksyon, ak sondaj sou kondisyon pou gen lisans.
- e. **Pwosedi Jidisyè ak Administratif.** Nou ka oblije divilge PHI ou yo nan kad yon pwosedi jidisyè oswa administratif oubyen antanke repons ak yon òdonans legal, konvokasyon pou w prezante devan tribinal oswa yon lòt pwosesis legal.
- f. **Nan Objektif pou Fè Aplike Lalwa.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay yon enstans ki la pou fè aplike lalwa, pou nou reponn ak yon òdonans tribinal, yon manda, yon konvokasyon oswa yon pwosesis ki ale nan menm sans lan, pou ede idantifye oswa lokalize yon moun yo sispèk oswa yon moun ki disparèt, pou bay enfòmasyon sou yon viktim yon krim, yon lanmò ki petèt rive akòz yon zak kriminèl, oswa yon konpòtman kriminèl nan lokal nou yo, oubyen, nan yon sitiyasyon ijans, pou rapòte yon krim, anplasman krim nan oswa viktim yo, oubyen idantite, lokalizasyon oswa deskripsyon

moun ki komèt krim nan.

- g. Moun ki Mouri yo.** Nou ka divilge PHI ou yo bay yon kowonè, yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb si sa nesèsè epi jan lalwa otorize sa.
- h. Don Ògàn oswa Tisi.** Nou ka divilge PHI ou yo bay òganizasyon ki responsab koleksyon ògàn yo ak lòt antite k ap fè yon travay ki sanble ak sa, yon fason pou ede yo kolekte, konsève oswa fè grèf ògàn oswa tisi.
- i. Rechèch.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou yo pou fè rechèch, tankou reyalize etid k ap konpare avantaj ki genyen nan diferan opsyon tretman pasyan nou yo te resevwa yo oswa nan kad yon ankèt sou kòman pou nou amelyore swen n ap ofri yo. N ap itilize oswa divilge PHI ou yo pou fè rechèch sèlman si Konsèy Egzaminasyon Enstitisyonèl ("IRB") nou an ba nou otorizasyon. Lè sa obligatwa, n ap mande w pou ou ba nou yon otorizasyon ekri anvan nou itilize PHI ou pou fè rechèch.
- j. Fonksyon Gouvènmantal Espesyalize.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou yo pou ede nan kèk tip aktivite gouvènmàn an ap reyalize. Si ou se yon manm nan lame Amerikèn oswa yon peyi etranje, nou ka divilge PHI ou yo bay otorite militè apwopriye a si yo jije sa nesèsè. Nou ka divilge PHI ou yo tou bay kèk fonksyonè federal pou aktivite ransèyman legal oswa aktivite sekirite nasyonal.
- k. Dedomajman Travayè.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou yo jan lwa ki gouvènè pwogram dedomajman travayè a oswa lòt pwogram ki sanble ak sa, ki bay avantaj pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay la, pèmèt sa.
- l. Manm Fanmi ak Moun k ap Patisipe nan Swen W.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w yo bay yon manm fanmi, yon lòt paran oswa zanmi pwòch ou k ap ba w èd nan resevwa sèvis swen sante yo. Si ou disponib, n ap ba w opòtinite pou ou refize divilgasyon sa yo, epi nou p ap fè divilgasyon sa yo san konsantman w. Si ou pa disponib, n ap detèmine nou menm si l ap pi bon pou ou oswa si l p ap bon pou ou pou nou divilge enfòmasyon sa yo bay fanmi w oswa zanmi w yo, n ap pran desizyon sa a dapre sikonstans ki prezante yo ak sou baz jijman pwofesyonèl nou.
- m. Itilizasyon ak Divilgasyon Aksidantèl.** Sa konn rive pou yo itilize oswa divilge PHI ou yo san fè eksprè epi yo pa konsidere sa antanke yon vyolasyon dwa w. Itilizasyon ak divilgasyon aksidantèl PHI yo se konsekans itilizasyon oswa divilgasyon yo pèmèt nan yon lòt fason ki limite natirèlman epi yo pa ka anpeche nan yon fason rezonab.

Jwenn Otorizasyon Ou pou Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou

Kèk lòt itilizasyon ak divilgasyon PHI ou ap fèt sèlman avèk otorizasyon ekri ou, sa gen ladan itilizasyon ak/oswa divilgasyon: (a) nòt sikoterapi (lè sa apwopriye); (b) pou rezon maketing; epi (c) ki konsidere kòm yon vant enfòmasyon sou sante dapre Règ Konfidansyalite a. Nou pap itilize oswa divilge PHI ou pou okenn lòt rezon ki pa presize nan Avi sa a sof si nou jwenn otorizasyon ekri klè ou oswa otorizasyon reprezantan legal ou. Si ou bay nou otorizasyon ou, ou ka revoke li nenpòt ki lè; nan ka sa a, nou pap itilize oswa divilge PHI ou ankò pou rezon ou te otorize a, eksepte nan limit nou te deja depann sou otorizasyon ou pou bay swen ou.

Twoub ki Lye ak Itilizasyon Sibstans Siko-aktif (SUD) ak Lòt Enfòmasyon Sansib sou Sante

Nou respekte lwa ki pwoteje konfidansyalite dosye pasyan SUD yo ak lòt enfòmasyon sante ki

vrèman sansib ki gen ladan, men ki pa limite sèlman ak, enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, enfòmasyon jenetik, ak dokiman sikoterapi. Yo ka itilize oswa divilge PHI sansib sa yo; sèlman nan kad kèk pwoteksyon konfidansyalite espesyal lwa eta ak federal ki aplikab yo prevwa. Tout divilgasyon tip dosye sa yo pral sijè a pwoteksyon espesyal sa yo.

- 1. Òganizasyon Sèvis Kalifye.** VNS Health Behavioral Health kapab divilge PHI bay yon Òganizasyon Sèvis Kalifye ("QSO") san konsantman w si sa nesèsè pou QSO ba Nou sèvis. Yon QSO se nenpòt moun oswa antite ki ba Nou sèvis epi ki gen yon akò ekri ak Nou ki rekonèt: (i) lè y ap resevwa, estoke, trete, oswa manipile nenpòt dosye pasyan SUD nan men Nou, li totalman respekte lwa konfidansyalite federal yo; epi (ii), si sa nesèsè, l ap opoze nan kad pwosedi jidisyè yo kont tout mwayen pou jwenn aksè ak dosye SUD yo, sof nan ka kote lalwa otorize sa.
- 2. Limit Konsantman nan pataj Dosye/Enfòmasyon SUD yo.** Dapre lwa federal, konsantman ekri ou obligatwa pou pataje dosye tretman SUD ou yo. Ou ka bay konsantman pou plizyè itilizasyon ak/oswa divilgasyon aktyèl ak/oswa nan lavni, epi tou pou redistribisyon dosye oswa enfòmasyon SUD ou yo. Dosye ak enfòmasyon SUD pa ka itilize pou kòmanse, mennen ankèt sou, oswa sipòte okenn aksyon sivil, kriminel, administratif, oswa lejislatif kont ou, sof si ou bay yon konsantman ekri espesifik oswa si yon tribinal bay yon òdonans apre yo fin ba ou avi epi yo ba ou opòtinite pou fè tande vwa ou. Nenpòt òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon dwe akonpaye pa yon manda oswa yon lòt egzijans legal anvan dosye yo ka itilize oswa anvan nenpòt pwosedi ka fèt pa nenpòt otorite federal, eta, oswa lokal. Si yon pasyan SUD bay konsantman pou itilize dosye oswa enfòmasyon SUD nan nenpòt pwosedi legal, konsantman an dwe espesifik pou pwosedi sa a kont pasyan SUD la epi li pa ka konbine ak lòt fòm konsantman. Anplis, dosye SUD ki pwoteje pa lwa federal pap pataje ak lòt manm VNS Health OHCA, sof si divilgasyon sa a otorize pa lalwa.
- 3. Lòt Enfòmasyon Sansib.** Gen kèk enfòmasyon sou sante ki sansib ki pwoteje pa lwa sou vi prive Eta New York, anplis HIPAA ak lòt pwoteksyon federal. Lwa eta sa yo ka ba ou plis dwa sou vi prive pase sa lwa federal bay, sa gen ladan pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon ki gen rapò ak tretman sante mantal, tretman twoub itilizasyon sibstans, enfòmasyon ki gen rapò ak VIH, enfòmasyon jenetik, ak lòt kondisyon sante sansib. Lè lwa Eta New York bay plis pwoteksyon sou vi prive pase lwa federal, nou suiv lwa ki bay plis pwoteksyon an. Dwa ou dapre lwa sa yo ka gen ladan egzijans konsantman adisyonèl oswa limit sou fason kèk enfòmasyon ka itilize oswa divilge.

Kominikasyon Konsènan Randevou, Enfòmasyon ak Sèvis yo

Nou ka kontakte w oswa kontakte reprezantan w chwazi a atravè imèl, mesaj tèks oswa apèl nan telefòn pandan n ap itilize mesaj otomatik oswa mesaj ki anrejistre davans pou fè rapèl sou randevou ak vizit, fè sondaj satisfaksyon ak pasyan yo, voye imèl akèy ak bilten enfòmasyon sou pwogram yo oswa enfòmasyon sou lòt posiblite tretman oswa lòt sèvis ki gen rapò ak sante. Frekans mesaj sa yo ap varye.

- 1. Dwa pou renonse.** Ou gen dwa pou refize resevwa apèl ak mesaj tèks nou yo lè w suiv enstriksyon ki aplikab pou dezabònman oswa pou w renonse a, lè w voye mesaj tèks "STOP (SISPANN)" oswa lè w kontakte VNS Health oswa yon founisè endepandan li chwazi. Yon tarif estanda pou mesaj yo ak done yo kapab aplikab. Si ou pa vle resevwa

imèl ankò, ou ka klike sou lyen ki gen ki make "Dezabònman" an ki nan pati anba nenpòt imèl VNS Health voye ba ou, epi suiv enstriksyon yo pou w dezabone nan imèl la. Lè w bay konsantman w pou resevwa apèl nan telefòn, mesaj tèks, imèl ak/oswa apèl vwa otomatik oswa atifisyèl, sa pa yon kondisyon pou w jwenn lòt sèvis swen sante nan men VNS Health.

- 2. Sekirite.** Tanpri sonje kominikasyon ki transmèt atravè imèl ki pa kripte, atravè yon mesaj tèks oswa yon rezo piblik kapab natirèlman pa sekirize, epi pa gen okenn garanti konfidansyalite pou enfòmasyon ki kominike nan fason sa a. Anplis, imèl ak mesaj tèks yo natirèlman prezante risk konfidansyalite, espesyalman lè òdinatè oswa aparèy mobil ou a pa pwoteje ak yon modpas.

Enfòmasyon Sou Kòlèk Fon.

Etandone nou se yon òganizasyon swen sante ki pa travay pou pwofi, ajans ki sou tèt nou an, ki se VNS Health ka itilize enfòmasyon limite pou kontakte ou pou rezon ranmase lajan. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, adrès imèl ou, dat sèvis yo, depatman sèvis la, founisè k ap trete ou, oswa enfòmasyon sou rezilta jan lalwa pèmèt sa. Enfòmasyon ki gen rapò ak tretman SUD ki pwoteje pa lwa federal pa itilize pou ranmase lajan.

Ou gen dwa pou refize resevwa kominikasyon pou ranmase lajan nenpòt ki lè. Ou ka fè sa lè ou kontakte adrès imèl la oswa nimewo telefòn ki anba a (gade Enfòmasyon pou Kontakte), lè ou itilize enfòmasyon pou kontakte ki bay nan kominikasyon pou ranmase lajan an, oswa lè ou ranpli epi voye tounen kat postal ki deja enprime ak peye davans ki ladan kominikasyon pou ranmase lajan an.

Echanj Enfòmasyon Sante.

Nou patisipe nan Echanj Enfòmasyon Sante (HIE) ki sekirize epi ki respekte HIPAA a, menm jan ak sa Healthix, Bronx RHIO and Hixny ap jere yo. HIE yo ede kowòdone swen pasyan an nan yon fason ki efikas pandan li pèmèt founisè swen sante ki enplike nan swen w yo pataje enfòmasyon youn ak lòt yon fason ki sekirize epi nan tan ki la pou sa. Si ou bay konsantman w, Nou ka itilize, divilge epi jwenn aksè ak PHI ou yo atravè HIE nou patisipe yo pou fè tretman, pèman ak reyalize operasyon swen sante. Ou gen dwa pou w refize divilgasyon PHI ou yo ak oswa atravè yon HIE. Sepandan, enfòmasyon ki ale nan oswa atravè yon HIE avan tretman anilasyon patisipasyon w lan, HIE ka kontinye konsève li oswa li ka kontinye rete aksesib atravè HIE a.

Dwa ou Genyen yo

Lè sa gen rapò ak PHI ou yo, ou genyen kèk dwa:

- 1. Dwa pou w Enspekte epi Jwenn Kopi.** Ou menm oswa reprezantan otorize ou a, genyen dwa pou w enspekte epi mande yon kopi PHI Nou konsève sou ou yo. Ou dwe voye demann yo nan Sèvis Achiv Medikal la atravè imèl nan records.requests@vnshealth.org. Demann ou an dwe dekri enfòmasyon ou vle revize a ak nan ki fòm ou ta renmen revize li. Si Nou konsève yon dosye medikal elektwonik ki gen enfòmasyon sou ou, ou gen dwa pou w mande Nou voye yon kopi PHI ou yo nan fòm elektwonik ba ou oswa bay yon pati endepandan ou idantifye. Nou ka refize pèmèt ou enspekte oswa jwenn kopi enfòmasyon sa a nan sèten ka limite. Nou ka mande w pou w peye yon rezonab ki baze sou pri pou n

pwodui dosye w yo. Nou kapab refize tou, yon demann aksè ak PHI ou yo selon kèk sikonstans, si sa reprezante yon potansyèl danje pou tèt ou oswa lòt moun. Si Nou refize yon demann aksè pou rezon sila a, ou gen dwa pou w soumèt desizyon nou an anba egzaminasyon selon egzijans lwa ki aplikab la, lè w ranpli yon demann egzaminasyon voye bay Responsab Konfidansyalite VNS Health la.

2. **Dwa pou w Mande Chanjman.** Ou gen dwa pou w mande opere kèk chanjman nan nenpòt PHI nou konsève sou ou si ou endike yon rezon ki koz enfòmasyon sa pa kòrèk oswa pa konplè. Ou dwe soumèt demann ou an alekri e ou dwe eksplike pou ki rezon nou dwe korije oswa mete enfòmasyon an ajou. Nou ka refize demann ou an nan sèten sikonstans e n ap ba w yon eksplikasyon alekri, lè sa a.
3. **Dwa pou w Jwenn yon Rapò sou Divilgasyon yo.** Ou genyen dwa pou w resevwa nan men nou, yon lis konsènan divilgasyon PHI ou yo. Lis la pa p gen ladann divilgasyon ki fèt pou sèten rezon ki gen ladan, san limitasyon, divilgasyon pou tretman, peman oswa aktivite pou swen sante oswa divilgasyon ou te otorize alekri. Demann ou an dwe presize peryòd tan demann ou an kouvri, ki pa ka depase sis lane. Premye fwa ou mande yon lis divilgasyon nan nenpòt peryòd 12 mwa, yo pral bay li gratis. Si w mande lis adisyonèl pandan peryòd 12 mwa a, nou kapab mande w peye yon frè ki minim.
4. **Dwa pou w Mande Restriksyon.** Ou gen dwa pou w mande nou fè restriksyon sou fason N ap itilize ak divilge PHI ou yo Malgre Nou egzamine avèk anpil atansyon tout demann restriksyon adisyonèl yo, Nou pa rekòmande pou nou reponn ak demann ou an, sof pou sa ki konsène demann restriksyon ki lye ak itilizasyon oswa divilgasyon done nan objektif pou reyalize pèman oswa lòt operasyon swen, lè sa rive se ou ki peye avèk "lajan ki soti nan pòch" ou tout fakti yo. Si nou dakò avèk yon demann restriksyon, nou p ap divilge PHI ou yo sou baz restriksyon sila ki apwouve a.
5. **Dwa pou w Mande yon Kominikasyon Konfidansyèl.** Ou gen dwa pou w mande Nou voye PHI yo ba ou yon fason ki diferan oswa nan yon adrès ki diferan. Ou dwe presize nan demann w ap fè pou mande n itilize yon lòt fòm kominikasyon an ki kote ak/oswa kòman Nou dwe kontakte w
6. **Dwa pou w Anile Konsantman an.** Si ou ba Nou otorizasyon ou, ou ka anile li nenpòt lè, nan ka sa a Nou p ap itilize oswa divilge PHI ou yo ankò pou objektif ou te otorize a, sof nan ka nou te konte sou otorizasyon ou pou ba w swen. Ou dwe soumèt yon anilasyon otorizasyon bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la nan adrès nou bay nan fen Avi sila a.
7. **Dwa pou w Resevwa yon Notifikasyon nan Ka yon Vyolasyon.** Nou oblije dapre lalwa pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo. Ou gen dwa pou w resevwa yon notifikasyon, si gen yon vyolasyon ki lye ak PHI ki pa sekirize ou yo, sa ki nesosite yon notifikasyon selon HIPAA.

8. **Dwa pou w Genyen yon Kopi Papye oswa Elektwonik Avi a.** Nou dwe suiv obligasyon ak pratik sou vi prive ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi li. Se dwa w pou resevwa yon kopi sou papye de Avi sila a, nenpòt ki lè. Ou ka jwenn yon kopi sou papye de Avi sila a, lè w voye yon lèt ou ekri bay Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive nan VNS Health la. Ou ka enprime yon kopi Avi sila a tou, lè w monte sou sitwèb nou an sou www.vnshealth.org.
9. **Dwa pou w Chwazi yon Moun ki pou Aji nan Non w.** Si yon moun se reprezantan legal ou nan sa ki gen pou wè ak swen sante w oswa responsab legal ou, moun sa a kapab egzèse dwa w epi fè chwa konsènan PHI ou yo.
10. **Plent.** Si w rete kwè yo vyole vi prive w oswa dwa sekirite w, ou gen dwa pou w depoze yon plent bay Responsab Konfidansyalite VNS Health la. Ou ka depoze yon plent tou ak Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini ("HHS"). N ap ba w adrès kote pou w depoze plent ou ak HHS si w mande sa. Ou ka soumèt plent pa lapòs bay: U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201; pa telefòn nan 1-800-368-1019; oswa sou entènèt nan <https://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints>. Nou p ap penalize w oswa fè w sibi okenn reprezay paske w te depoze yon plent.

Notifikasyon nan Ka yon Vyolasyon

Nou rekòmande dapre lalwa pou nou enfòmè w otomatikman nou dekouvri gen yon vyolasyon ki lye ak PHI ki pa sekirize ou yo, sof si nou ta detèmine gen yon fèb pwobabilite pou sa ta afekte yon fason ki grav konfidansyalite oswa sekirite PHI ou yo. Ou pral resevwa notifikasyon san pèdi tan, pa pita pase swasant (60) jou apre nou fin dekouvri vyolasyon an, sof si lalwa etatik egzije yon notifikasyon pi bonè.

Chanjman nan Avi sila a

Nou kapab chanje pandan nenpòt ki moman, kondisyon ki nan Avi ki lye ak Pratik Konfidansyalite sila a. Si kondisyon Avi a chanje, nouvo kondisyon yo ap aplikab pou tout PHI ou yo, kit OHCA VNS Health te kreye l oswa resevwa l anvan oubyen aprè dat modifikasyon sila a. N ap mete tout mizajou nan Avi sa a disponib sou vnshealth.org.

Kesyon

Si w gen nenpòt kesyon oswa kòmantè konsènan pratik sou konfidansyalite vi prive nou yo oswa konsènan Avi sila a, oswa si w ta renmen gen yon eksplikasyon ki gen plis detay sou dwa w pou konfidansyalite vi prive w la, tanpri kontakte Ofisye ki Responsab Konfidansyalite Vi Prive a nan VNS Health atravè enfòmasyon kontak nou bay nan fen Avi sa a.

Enfòmasyon Kontak

Lè w ap kominike avèk Nou konsènan Avi sa a, konsènan pratik konfidansyalite nou yo oubyen dwa sekirite oswa konfidansyalite ou yo, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite VNS Health la pandan w ap itilize enfòmasyon kontak ki vin annapre yo: VNS Health, 220 East 42nd Street, 6th Floor, New York, NY 10017; Attn: Privacy Officer, Telefòn 1-800-675-0391; Imèl: HIPAA@vnshealth.org